


SMARTSPOT

SmartSpot la se yon pwen WIFI pòtab ki pèmèt elèv yo konekte ak entènèt la grasa rezo Verizon LTE a. Yo filtre entènèt yo bay elèv yo pou pwoteje yo kont kèk danje nan entènèt la.

Gid Rapid pou Demare



Bouton pou Limen/Etenn:

Limen ak etenn Kajeet SmartSpot nan, epi reyalive aparèy la lè li te dezaktive. Ou ka itilize bouton sa a kòm bouton "OK" a lè w ap navige sou entènèt la.

Bouton Meni:

Ou sèvi li pou rale meni an monte ak pou chanje ant opsyon nan meni a.

Pò pou Chaje SmartSpot:

Chajè AC ou jwenn ak SmartSpot ou a konekte la.

Pou Wè Eitati:

Di si ou konekte ak eta batri ou, siyal rezo a, ak enfòmasyon sou rezo WiFi

Pou jwenn aksè

nan CCS SmartSpot ou a
Non WiFi ak modpas

- 1 Peze bouton pou limen aparèy la jiskaske ou wè 'WELCOME' (BYENVENI) sou ekran an.
- 2 Lè ou rive sou ekran akèy la, peze bouton meni an pou w ka wè meni aparèy la.
- 3 Peze bouton meni a yon fwa ankò pou rive sou "2.4 GHz WIFI INFO". Peze bouton pou limen/etenn nan pou chwazi.
- 4 Note non rezo WiFi a akote senbòl WiFi a (pa egzanp SmartSpot #####).
- 5 Note non modpas WiFi a akote senbòl kadna a (pa egzanp smartspot1234)

Pou Konekte

ak Pwen WiFi CCPS ou a

- 1 Asire w SmartSpot la limen. Si aparèy la te dezaktive, peze bouton pou limen/etenn nan pou reyaktive li.
- 2 Sou laptop oswa iPad ou, chwazi non rezo SmartSpot WiFi a (pa egzanp Kajeet SmartSpot #####) nan lis la nan rezo WiFi ki disponib sou aparèy ou an.
- 3 Lè yo mande ou modpas ou, mete modpas WiFi ki nan etap 5 la anba "Aksè nan Non ak Modpas Kajeet SmartSpot WiFi ou a" (pa egzanp smartspot1234).
- 4 Apresa ou ta dwe konekte sou entènèt la

Pwen Enpòtan

pou Pwen WiFi CCPS ou a

- CCPS SmartSpot la gen yon kantite DONE limite.
- PA itilize li pou navige pou rezon pèsonèl oswa pou gade videyo ki pa fè pati devwa lekòl la.
- PA konekte lòt aparèy ki pa gen rapò ak lekòl la ak SmartSpot la.
- Ou pral gen ase done sèlman sou SmartSpot la pou fè devwa ou.
- Lè done ou fini, SmartSpot la pa pral mache ankò, epi ou p ap ka fè devwa ou.
- **N ap Kontwole Tout aktivite sou SmartSpot la.**
- Navigasyon entènèt ki pa apwopriye kapab lakòz nou bloke aparèy la.

Sipò Teknik CCPS

Imèl: support@ccpsstaff.org

● Call: 410.479.1464

● Vizite: www.carolineschools.org/back-to-school